

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 1.1 Kacindekan

Sanggeus ngayakeun panalungtikan, nganalisis tur ngabandingkeun antara sumber tinulis saperti tina kamus, buku sarta internét jeung hasil wawancara, bisa dicindekkeun sababaraha hal saperti ieu di handap:

- 1) Kasenian Celempungan téh mangrupa wujud budaya, hasil cipta, rasa jeung karsa masarakat di daerah Pamulihan, anu masih kénéh aya sarta dimangpaatkeun pikeun sarana hiburan jeung sukuran.
- 2) Kasenian Celempungan di daerah Pamulihan, mekar ti mimiti taun 2008. Mimiti dipagelarkeun dina acara-acara di désa, tidinya éta kasenian téh saeutik-saeutik dipikawanoh ku masarakat. Nepi ka ahirna Tatang (50 Taun), nyieun hiji *grup* anu dingaranan “ Lingkung Seni Kacapi Celempung Panineungan”. Kiwari kasenian Celempungan di daerah Pamulihan, geus kasohor di Kabupaten Sumedang mah. Lantaran kasenian Celempungan téh miboga sababaraha kautamaan nya éta dina segi ekonomis, pimpinan seni tara nangtukeun harga, ngan saukur kumaha paméré nu boga hajat. Salian ti éta ku lantaran personélna saeutik, dana nu dikaluarkeun rélatif leuwih irit, tanpa ngurangan ajén senina. Dina segi sosial, umumna saupama aya hiburan di daerah Pamulihan sok aya waé nu garelut, tapi lamun nanggap Celempungan mah aman nepi ka réngsé. Dina segi budaya, nanggap kasenian Celempungan

téh, bisa dijadikeun sarana pikeun ngawanohkeun budaya Sunda buhun, hususna ka generasi ngora.

- 3) Dina kasenian Celempungan kapaluruh sababaraha istilah di antarana: istilah waditra, istilah pakakas atawa properti, istilah dina cara ngamaénkeun waditra Celempungan, istilah dina babagan waditra kesenian Celempungan, sarta istilah-istilah séjén anu aya patalina jeung kasenian Celempungan
- 4) Istilah-istilah anu aya dina kasenian Celempungan bisa dijadikeun bahan pangajaran ngaregepkeun bahasan ngeunaan jenis-jenis kasenian tradisional, anu kudu ditepikeun ka siswa SMP kelas VIII.

## 1.2 Saran

Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahán élmu pangaweruh siswa sarta masarakat umum, hususna pikeun mikawanoh salah sahiji kabeungharan budaya anu kudu diajenan sarta di mumulé.

Lian ti éta, ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun *référensi* bahan ajar pikeun guru-guru dina prosés pembelajaran. Lian ti bahan ajar pikeun ngaregepkeun bahasan ngeunaan kasenian tradisional di SMP, istilah kasenian gé bisa dijadikeun bahan ajar kandaga kecap, pikeun siswa di jenjang SMP sederajat atawa SMA sederajat.